

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa) kalawan pamarekan Robert Stanton, satuluyna dianalisis ngeunaan unsur-unsur antropologi sastrana nu ngawengku mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos kalawan pamarekan Nyoman Kutha Ratna. Objek dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri nu eusina aya opat judul novelet, novelet kahiji jeung kadua nyaéta *Dina Kalangkang Panjara* jeung *Kalangkang Si Jenat* jadi objék analisis struktur caritana, tapi opat novelet gé jadi objék analisis antropologi sastrana nyaéta *Dina Kalangkang Panjara*, *Kalangkang Si Jenat*, *Di Dieu Haté Téh Reureuh*, jeung *Kacaangan Ku Panékér*. Dina ngumpulkeun jeung nganalisis data panalungtik ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif. Intrumén panalungtikan anu digunakeun ngawengku instumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data. Dina ngumpulkeun data jeung analisis data, panalungtik ngagunakeun instrumen tabél jeung instrumén kartu data digital analisis.

Sacara umum téma dina ieu dua novelet rada béda, dina carita kahiji mah témana ngeunaan misteri saha nu jadi palaku rajapati ngarogahala Ujang jeung nu nelasan Juragan Tasma, kacaritakeun rupa-rupa kajadian nepi ka di ahir carita kapanggih palaku rajapatina. Ngan teu pati ditembrakkeun kasang tukangna, ukur hayang ngapimilik tokoh Enok Diah. Ari dina carita kadua mah témana sosial jeung asmara, ieu hal karandapan ku tokoh Adén nu cintana teu pegat sanajan Inah geus boga salaki. Ngarasa direbut, antukna manéhna nyieun dosa di saung pangungsian waktu duduaan jeung Inah. Dua carita di luhur luhung pisan ajénna keur pieunteungeun urang dina kahirupan, teu dimoal-moal ogé pasti aya di kieuna ieu kajadian téh.

Unsur antropogi sastra nu nyangkaruk dina ieu novel kapaluruh dina opat novelet nu aya dina ieu buku. Nu kapaluruh ngeunaan mangsa heubeul contona waé leuweung

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri  
(Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nu baheula sanget ayeuna mah henteu, atawa kasang tukang Adén ngarebut Inah ku sabab direbut Andi barétona. Dina palebah kaarifan lokal, ieu luyu jeung ciri has nu aya di wewengkon novelet anu dicaritakeun, contona waé agama nu diagem nyaéta Islam. Dina palebah folklore kapanggih réa pisan produk budaya kayaning babasan paribasa, sisindiran, siloka, jrrd. Nu pamungkas nyaéta mitos, di dieu kapaluruh kapercayaan masarakat ka dukun jeung kana nyupang atawa muja.

## **5.2 Implikasi**

Dina hiji panalungtikan tangtu moal leupas tina kahéngkérannu jeung kaonjoyan Sanajan kitu, panalungtik miharep yén kaonjoyan nu aya dina ieu panalungtikan téh bisa mawa kahadéan, boh sacara umum pikeun sakumna pamaca boh sacara husus pikeun panalungtik. Dumasar kana hasil panalungtikan, ku ayana ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan unsur antropologi sastra dina karya tulis, utamana dina novel Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan ulikan.

## **5.3 Rekomendasi**

Sawatara saran jeung rekomendasi ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu patali jeung ieu panalungtikan. Utama pikeun panalungtik, dipiharep bisa leuwih daria dina ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan jadi hiji tatapakan nu leuwih jembar. Salian ti kitu, pikeun masarakat katut pamaca, dipiharep bisa tuluy ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan ieu hal, dina maham kana karya sastra. Satuluyna, unsur antropologi sastra dina ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan pieunteungeun pikeun kahirupan sapopoé di masarakat.